А. МЕЛЬЧИН

АСЛАНБЕК ШЕРИПОВ

ОЧЕРК

ГРОЗНЫЙ — 1958

63.3(2Чеч)61
М48

А. МЕЛЬЧИН

АСЛАНБЕК ШЕРИПОВ

ОЧЕРК

19309

ОТДЕЛ ОБСЛУЖИВАНИЯ
ЦГБ г. ГРОЗНОГО
364051 г. Грозный, пр. Победы 94

НОХЧ-ГІАЛГІАЙН КНИЖНИ ИЗДАТЕЛЬСТВО
1958



1.

ГІойтІа-юьрга юккъерачу къух даьллачу майданахь, тхов тІе кибарчиг а йиллина тІекІелдаза цІенош дара. Учахь герзашца кечделла адамаш дара. Цу цІенош чохь партизански отрядан штаб а, Нохчийн халкъан Совет а яра.

Жима, лоха тхов болу цІа адамийх дуьзнера. Стоьла юххе хиъна Іара Исаев Іабдул-Решид. Цуьнан тІедаьлла хьаж хебаршка а ихна дара. Іаьржа, цхьамза санна нийса тодина хаза мекхаш дегадора. Исаев синтем боцуш, кест-кеста корах арахьоьжура.

— Заседани дІа маца йолалур ю? — аьлла цаІ вистхуьлуш хезира.

— Шерипов схьакхачаре хьуьйсу. ВогІур ву аьлла цо, — жоп делира Исаевс.

Оццу минотехь цІийна тІехьара говрийн бергийн татанаш хезира, цІийнан маьІехула гучубевлира дошлой. Хьалхаваьлла вогІуш вара ехха ламанхойн коч а юьхина, нохчийн куйн а тиллина хаза дегІ а долуш, куц долу нохчо. Цуьнан оьзда дегІ къуоналлех, могашаллех, ницкъах дуьзна дара. Учина хьалхха кхаьчча, говрара охьа а иккхина, хаьнтІера маузер катухуш ниҫ а еш жимма охьатаІарца, маршалла хаьттира цо Советан членашка.

— Шерипов схьакхечи, Шерипов! — даьржира майданахь, ткъа массо а маьІера, Совет йолчу буьйлабелира шайн герзашца ламанхой.

Асланбек Шерипов 1897-чу шарахь вина, нохчийн чуьрчу лаьмнаш долчу уггар хазчу меттигийх цхьанхьа — Сиржа-Эвлахь. Цунна жима волуш дуьйна дукха дезаделира шайн басешкахь хаза хьаннаш йолчу, Кавказан

лекхчу лаьмнийн буьрса баххьаш, Іаннашкара чехка хиш. Хьекъале а, тІах аьлла а волчу кІантана хьалххе Іемира деша. Цуьнан шийтта шо кхаьчча дас Полтавски кадетски училище деша вахийтира иза. Цигахь Асланбека дукха книжкаш йоьшура, английски а, немецки а, французски а меттанаш Іамадора. Іилма Іамо чІогІа лааро, цунна гІо дора училищан чІогІа тІеман низам лан.

Аьхка каникулашна цІа вела, цо деха къамелаш дора баккхийчу нахаца, ламанхойн пархІатонехьа къийсинчу турпалхойх лаьцна хоьттура, доьхура ламанхойн майраллех лаьцна шена дийцар. Майрачу, хьекъалечу адамийх лаьцна йолу книгаш ешаро аьтгу бора Асланбекан майра а, хьекъале а, гІиллакх долуш а хила. Цунна хаьара кхерамна юьхьа дуьххьал хьажа, иза хьанал а, дуьххьал дІа а, майра а, билгалъяьккхинчу Іалашоне кхача сацамболлуш а вара. Цуьнан и дика амалш хаалора, цо шен накъосташкахьа гІо дохуш училищехь а тІехь хьаькамашца хийла къийсарехь.

Асланбек иштта лелар шена хиъча, 1910-чу шарахь нанас яздира цуьнга: «Варийлахь, лиэта ма лиэталахь. Нагахь хьайх лиэташ меттиг хилахь, инспекторе дІаала, ткъа хьо ма лата». И ла цаделлачу Асланбека шен дегахула жоп делира нанна:

«Да, нане ала, и тайпа хІумнаш соьга ма язде.... Аса цкъа а арз дийр дац инспекторе а я воспитателе а»...

1915-чу шарахь хьаькамаша училищехь тІеман низам кхин а чІогІа чІагІдира, ламанхойн бераш кериста динан килсашка хьийсадора. Асланбека шен дегара пурба даьккхира цигара дІа а ваьлла, Грознерчу реальни училище деша ван. Кхузахь Кавказан истори Іамо кхин а догах тІевирзира иза, ворхІалгІачу классехь волуш цо «Кавказски тІеман историн» боцца чулацам язбира. «Обарг Геха» цІе йолу нохчийн исторически илли-хабар оьрсийн матте а даьккхира цо. Асланбекан итт а сов стомма тетрадь Іалашделла, шайна тІехь цуьнан куьйгаца язйина Пушкинан, Шевченкон, Лермонтови, Некрасови стихашна а, поэмашна а тІера цхьаццца меттигаш йолу. Цунна къаьсттина дукха везара Лермонтов. Цуьнан дукха а стихаш, поэмаш дагахь хаьара цунна. Шен доттагІашна юккъехь цо кест-кеста йоьшура Лермонтовс язйина «Измаил-Бей». Иштта Горькийн «Лечанах лаьцна илли» дешар а дезаш вара иза. Тетрада тІехь цІечу къо-

ламца гонах сиз хьаькхна Коста Хетагуровс язйинчу стихотворенина тIерачу могIаршна:

Ма еха ю-кх Iаьржа буьйса
Кхин а хийла хан ю сатаса,
Амма сайн халкъ балех даккха
Дийнахь а ницкъ кхачац сан.

Асланбек Коста Хетагуровл ирс долуш хиллера. Цунна тира керлачу дахаран серло, цуьнгахьа къийсам латтийра цо.

Сийлахь-йоккха Октябрьски социалистически революци хилар бахьана долуш 1917-гIа шо чакхдолуш, хIетта школера чакхваьлла Шерипов нохчийн халкъо купецашций, мехкадайшций, шайхашций латточу къийсаман куьйгалхойх цаI хилла дIахIоьттира. Иза хьалха, ккиболу эзарнаш ламанхой санна, тийшира Къилбседа-Кавказан буржуазни националистийн агитацех, цуьнан организацехь — «Вовшахкхеттачу ламанхойн союзехь» жимма болх а бира. Турцин протектората кIел «йозуш йоцчу» ламанан республике сатуьйсуш хиллачу цу союзан куьйгалхойн халкъана дуьхьал йолчу политико. Дукха ца Iеш цаьрца дерг дIахадо дезийтира Шериповн. Цу муьрехь Шериповс яздора: «...халкъах алсам кхетам берш (ГIойтIа район) казакашна хетачуьнгхьа болчех дIа а къаьстина, Советски Росоина тIебирзира, къинхьегамхойн хьашташ лардархой шаьш хиларе терра».

Нохчийн революционерийн группаца Шериповс АтагIара контрреволюционни меджилис йоха а йина, ГIойтIахь Нохчийн революционни Совет кхоьллира. 1918-чу шеран февраль беттахь Нохчийн къинхьегамхоша Теркаца дехаш долчу халкъийн II-чу съезде делегат хаьржира Шерипов. Цигахь иза цхьаьнакхийтира Сергей Миронович Кировца. Оцу цхьаьнакхетаро гуттаренна а билгалбаькхира Асланбекан некъ. С. М. Кировгхула девзира цунна Владимир Ильич Ленин коьртехь волчу большевикийн сийлахь-йоккхачу Коммунистически партис, къинхьегамхой толамбаккхарна тIебуьгу некъаш.

Теркаца йолчу меттигашкахь Советски Iедал дIахIоттийна йолу съезд чакхъяьллачул тIаьхьа, Шерипов и Iедал чIагIдарехьа къийсам латто волало.

Меттигерчу националистическ буржуазис а, контрреволюционни казакаша а Теркан областехь харц мотт-

[1] Е. Эшба. Асланбек Шерипов. Грозный, 1927, агIо 31.

эладита лелийна ца Iаш, амма большевикашца къийсам латторхьама, интервенташца барт а бира. И Iалашо йолуш, маццах дуьйна йоцуш йолчу ламанхойн правительствон векалш турецки султанан неIаре хьийзаш а бара, ткъа цо къобалдарца «Къилбседа-Кавказан республика йозуш цахилар» дIа а кхайкхийра.

Теркан областан дерриге а халкъашкара оьшуш дара цу тайпанчу германо-турецки протекторатана кIелдолчу «дозуш цахиларе» шайна ладогIа а ца лаьа боху хадам боллуш долу дош.

И тайпа дош буьрсий, тешаменний дийкира 1918-чу шеран май беттан иссалгIачу дийнахь Теркан халкъан Советан заседанехь.

«Сийлахь-йоккха оьрсийн революци бахьана долуш, — бехира Шериповс, — вайга кхаьчначу цу башхачу пархIатонехьа, бIешерашкахь лиэтта вайн дай мостагIчун цхьамзанашна тIе эшна а оьгуш. ХIинца, вешан дахар ваьшна луъучу кепара дIахIотто тешам белла йолу бакъо халкъо цкъа а, цхьанна а дIалур яц. ХIинца Къилбседа-Кавказан йозуш цахиларх лаьцна дуьйцу помещикаша а, элаша а, питанчаша а, шпионаша а, шовзткъеитт шарахь Шемала шайца луьра къийсам латтийначу массара а. И халкъан мостагIий хIинца Кавказ йозуш цахилар дIакхайкхо а, имамалла доло а гIерташ меттигаш ю. Амма аса чIагIдо, оцу элийн дедайн Шемала кортош даьхна хилар а, ша схьахилча, хIинца а цо изза дийриг хилар а. Къилбседа-Кавказ йозуш цахилар дIакхайкхоран хьокъехь, тхан фракцис, иохчийн а, гIалгIайн а халкъан цIарах экстренни заседанехь шена хетарг дIахьедина, овзаш йолчу резолюцина тIехь» [1].

1918-чу шеран июнь баттахь, меньшевикан Бичерахови куьйгаллийца, зажиточни бахамаш болу казакаш Советан Iедална герзаца дуьхьалбевлира. Грозный-гIалина — Теркан пролетарски центрана тIе цхьаьнакхеттачу контрреволюционни нцкъийн тIелатаран кхерам олла-белира.

ГIойтIарчу Советана и дIахаийта а, партизанийн отрядаш вовшахтохарехь цуьнца гIо дан а цига веара Аслан-бек Шерипов. Маршаллаш хеттаран гIовгIа лахъелча, Шериповс Исаевна тIе а вахана элира:

---

[1] Шерипови къамел а, шена тIехь иза дуьйцуш йолу резолюци а ялийна И. В. Сталинан «Донцинан, Къилбседа-Кавказан хьокъехь» йолчу статья тIехь. Хьовса И. Сталин, Соч., т. 4, 114 агIу.

ТІаккха, командир, муха ду гІуллакхаш?

КІесаркІаг тІе тІехьатеттинчу куйна тІе куьйг а дехьина, Іабдул-Решида кхетош элира:

— Хьуна ма лиъи аравала шиъ бІей шовзткъентт стаг кийча ву, накъост Шерипов.

— ЧІогІа дика ду. Кестта уьш оьшур бу суна. Делахь, заседани дІайоло мегар дуй? — элира цо гулбеллачаьрга.

Массо а цІа чу бахара. Заседани дІайолаелира.

Куйнаш а техкина, чоэш а, тишъелла гІовталш а юьйхина Іачу адамех дуьзна долу цІа серла а доккхуш, шаьлтанийн дато макъарш тІехь къэгара маьлхан зІаьнарш. Президиумехь гучувелира Шерипов. Маузер нис а еш, коч охьаоьзна то а еш — къамел дале хьалха шен гуттар а йолу и амалш кхочуш а йина — дешнаш лохуш санна, дІадолийра цо:

«ГІуллакх, накъостий, тІеттІа чолхе хуьлуш ду. Грозненски станицехь иэккха кечлуш вон гІуллакх ду. И сацоран доьхьа, Грозненски Совето дан оьшуш лору станицера герз схьанэцар, нагахь оьшуш хилахь цуьнца тІом болор а. И тІом кхиамца хир бу нагахь санна, нохчийн халкъо Советан гІо а дахь, тыл а Іалашъяхь. Советан ницкъаш баккхий бацахь а, амма ондий бу. Йоккхачу мехкдаьттан тІехь Пролетарски батальон ю, гІалахь самооборонан масех рота ю».

Исаевгахьа дІа а вирзина цо элира:

«ХІара вайн отряд ю. ХІинца долуш долу хьал цхьаьний дийцаре а дина сацор вай, кІайказакашца тасадалар хилча хІун дан деза».

Советан членаша къамел динчул тІаьхьа сацам бира — Грозненски станицан тыле Исаев Іабдул-Решидан куьйгаллица 250 дошло хІотто а, нагахь санна тІом болалахь, кхачанан база вовшахтоха а.

Заседани чакхъелира. Шерипов цхьана сахьатехь герга Советан членашца къамелаш деш цу цІеношкахь Іийра.

— Накъост Шерипов, — аьлла вистхилира цуьнга Советан къуонахчу членийх цаІ, — суна хезна Ленина шайна комиссар вашІтина бохуш... Серго... Серго...

— Орджоникидзе, — тодира Асланбека.

— ХІаъ, хІаъ... Орджоникидзе. Хьайн ден сара дийца тхуна и хІун стаг ву? ГІалгІайн чохь дуккха а дуьйцу

цунах лаьцна, тIах аьлла бере а, цхьани хIуманах ца кхоьруш а ву бохуш.

Шерипов велакъежира:

— Бакъдерг дуьйцу. Ленина вайна вон стаг воуьйтур вац. Орджоникидзе — цуьнан гIоьнчийх цаI ву, дукха хенахь дуьйна большевик а ву. Республикехь хала хьал ду. Дона тIехь эпсаршца Краснов гIаьттина, кхузахь — Бичерахов, Сибирехь — кIайн правительствой, чехословакашший. Революцин мостагIий лууш бу цIечу столицана тIетаIа а, цуьнан го лаца а. Краснов гIерта Волгийна дехьахула белогвардейщинаца цхьаьнакхета. И гуо хадо а, хIаллакба а беза. Цундела Ленина фронте хьийсабо шен тоьлашха болу гIоьнчий. Царицынехь Сталин а, Ворошилов а ву. Вай долчу, Теркайисте веана Серго Орджоникидзе. Цунна ламанхочунна оьшург а хаьа, вайна гIо дан а хуур ду.

ЦIийнан маьIехула бере гучувелира. Цо тIе а веана Шериповга кегIат дIаделира. Чехкка конверт яьстина и деша а дешна, дIаваха кечвала волавелира иза.

— Соьга гIала кхойкху. ДIаваха веза, — аьлла масеран а куьйг луш Iодика йира цо.

Шерипов говра тIе хиъча, цуьнга вистхилира къона нохчо.

— Накъост Шерипов, ленински комиссар хьайна гича, цуьнга салам-маршалла а ло, помещикийн, эпсарийн Iедал шайна тIехь ца хIуттуьйтуш нохчий белла дIабевриг хилар Ленине язде а ала:

— Эр ду, — элира Шериповс, говр дIа а йолайолуьйтуш, корта а таIийна, — билггал эр ду.

ГIойтIара дIавоьдуш, Шерипов тешна вара ГIойтIарчу Совето вовшахтоьхна болу къинхьегаман ламанхой, Советан Iедал лардарехьа цаI санна массо а дIахIуьттург хиларх. ГIуллакха тIехь и ишгта ца хилира. ХIинца а кIезиг бацара шайхийх а, молланийх а тешаш болу ламанхой. Дукха хан йоццуш, ламанхойн коьртерчу наха лелийна националистически агитацн бахьана долуш, Грозныйн ламанан ярташца йолу зIе йоцчу новккъа яра. Шериповна хаьара Йоккхачу АтагIарчу Советерачу мостагIаша — молланаша а, шайхаша а гIалинний, ярташний юккъера и мостагIалла кхин а марсадохург хилар. Цундела, цо Грознера хаддаза тидам латтабора Нохчийн чохь дечу гIуллакхашна тIехь. Хиллачу йоккхачу митингера гостиница чу веара цкъа Асланбек, митингехь хилла

къамелаш Іеткъарца мосуьйттазза цІа чухула дІаса а волавелла, коре а вахана и дІадиллира цо. Аьхкенан буьйсанан шийла хІо кхерстира цІа чу. ГІалийна геннахь гуш дара айаделла Іаьржа даккхий лаьмнаш. Цигахь яра хьоме Шуьйта.

Асланбек стола тІе а вахана, шен тиша тетрадь дІа а даржийна, цуьнан агІунаш схьакерчо волавелира. Тетрада тІехь яра цунна дукха еза стихаш, оьрсийн матте даьхна долу нохчийн иллеш, баккхийчу хьекъалчаша баьхнарш.

Цуьнан бІаьрг тІехь сецира нохчийн хьалхалерчу иллехь йолчу цхьана меттигана:

Сайна дела дагавеача аса олу: «АллахІ»,

Сайна езарг дагаеача, аса герз маракъовлу.

«Молланаша дакъазабаккха гІерташ болу со вина сайн Даймохк дагабеача, ткъа со... со цуьнан пагІатонехьа герз охьа ца дуьллуш къуьйсуш ву», — аьлла ойла йира Асланбека.

Сиххачу боларца тІе а вахана книжкашна юккъера цІечу кегІатан масех лист а, къолам а сихха схьа а эцна, Асланбек язда волавелира:

«Массо а тешамечу нохчочуьнга...»

Туьран дитт санна ира дара цхьанна тІаьхьа важа а долуш цо язде дешнаш.

Шериповс яздора: «ХІара цхьа шой ах шой кхечи, шу балехь латтийна самодержави йоьхна. Революци хиллачу хьалхарчу деношкахь дуьйна Нохчийн чоьнан гІуллакх аша шайхийн, молланийн караделла. Аша бечу балхах хьал долуш хилла шайхаш, молланаш, шайн ламаз а деш, шуна хьехамаш а беш, Іаран меттана, Іедал а, дуьненан дахар а къийса буьйлабелла шаьш а, шу а харц новкъа а дохуш.

ХІун оьшу шайхашна а, молланашна а? Царна лаьа леш санна шу шайна децийла а, аша, совгІаташ а кхоьхьуш, шаьш къа а ца хьоьгуш, хьал долуш баха.

И хьовха царна Іедал а шайн карахь деза. Цундела уьш къийса а, вовшийх хьега а, вовшийн цабеза а буьйлабелла».

КегІата тІе хьоьжучуьра сецира Асланбек. Ойлане валарца, бІаьргашна хьалхахІуьттура евзаш йолу ярташ, дукха деза адамаш... гІанта тІера хьала а иккхина, мосуьйттазза цІа чухула вола а велла, юха а стола тІе тевжира иза.

«Шу, нохчий, вовшашна юккъехь вежарий ду. Шайхаша шайлахь Iедал къийсар бахьана долуш, аша вовшашлахь латтийна къийсам. Шайхаша шу вовшашца мостагIаллийца гамдина...

Цхьана минотана юха а ойлане велира иза. Цуьнан хьекъало болх бо уггаре оьшуш долу дешнаш лахарна тIехь. И дешнаш, цунна кара а дира:

«Нохчий! Аша дозалла до шайн элий а ца хилла, я бан а бац, — бохуш. Бакъ дац иза, шайхаш, молланаш элийл эзарзза оьшуш бу. Шун къинхьегамах бехаш бац уьш? Цара ца боху ткъа Нохчийн чоьнан Iедалан дай шаьш ду, ткъа шайн коьрте шайхийххий, молланийххий, я цара хIиттийначийххий бен харжа даьхьий шу? Шайхийн агIонгахьара йолчу харц суьдана, халахетаршна, ечу гаттонашна жоп дала хIуьттий шу?

Ца хIуьтту, ца хIуьтту, кхин цкъа а ца хIуьтту, цундела гIебартошна а, кхин долчу халкъашна а хьалха шайн элий бац бохуш дазаллаш ма дe: шун шайхаш бу, уьш элийл оьшуш бу...

ТIаьххьара дош яздина, хьаж тIе куьйг а хьаькхна, Асланбек юха а язда волавелира:

«Шайхаш а, молланаш а, подрядчикаш а, купецаш а, помещикаш а, спекулянташ а, мародераш а юьхьенца дуьйна кхеташ бара, нагахь санна, нохчийн халкъо Iедал шен каралацахь, шайн хьашташна зен хиргхиларх. Цара вовшашна гIо а дира, халкъана латта даккха а ца гIерташ, казакашца барт бира.

ХIунда? Шайхашгий, молланашний, купецашний хьалдолчарна цхьаьна а латта ца оьшу дела. Цу тIехь цара болх ца бо. Помещикийн долахь латта шортта ду, я казакашначул башха, и халкъана дIадала царна а ца лаьа.

Вайна, нохчийн кегийрхошна, и дерриге а гина, ган а го. И вайна, вешан халкъ даггара дезачу кегийрхошна, эхье а, къаьхьа а ду...

Самадовла, массо а хьанал нохчий! Тхо, кегийрхой, тешна ду Нохчийн чохь халкъан пергIатонехьа къийсам латтораш хIинца а хIаллакьхилла цахиларх. Халкъан дуьхьа тхо дала а гIур ду, и тхайн декхар ду аьлла доцуш, пергIатонехьа къийсарх дегIаш цаIебаш, чIогIа хазахетарца. Тхо тешна ду халкъ самадериг хиларх. И хIинцале самадолуш лаьтта, цо Iедал шен кара а лоцур ду, шен дахар ша а кхуллур ду, я...»

Асланбек цхьана секундехь ойла а йина хIаваэхь куьйг ластийра, оьшу дешнаш лоьхуш санна. Цуьнан бос байна а, гIелделла а долу сибат къагийра и велакъажаро.

«...Вайгахьа бу безам а, бакъдолу гIуллакх тоьлург хиларх тешар а, нохчийн халкъан хьекъал а, паргIатонехьа болу лаам а».

Масех минотехь Асланбек меттах ца хьайра. Iуьйре цIийеллера. Цхьанхьа-м гIалийл арахьа топ елира.

Шерипов стола юххера хьала а гIаьттина, маьнгийна гIе а вахана, чIогIа кIадваларна дIатаьIира. Стола тIехь долчу яздинчу дуккха а кегIаташ юккъехь, дIакъовлаза дисира Iаьржа клеенкин мужалташ йолу тетрадь.

2.

Теркан махкана хала денош тIехIиттира. Советан Iедална дуьхьал областан массо а маьIIехь карахь герз а долуш гIаьттира контрреволюци. Деникина Кубань дIаяккхархьама бечу тIемашца, оццу хенахь английски йоланча полковник Лазарь Бичерахов Бакун агIунгахьара тIегIертарца дIахьора контрреволюцис шен тIелатар. Иштачу, нуьцкъалчу мостагIаша гобина а, центрах хадийна а йолчу Теркан областо халла сецабора и бандиташ.

1918-чу шеран июль беттан хьалхарчу деношкахь бичераховцаша станци Прохладни дIалецира. Пятигорскан Владикавказаца йолу зIе хадийнера. Теркан халкъан Советан цIарах йолчу Владикавказски отрядо тIамца юха схьаяьккхира Прохладни. Масех де даьлча бичераховцаша юха а дIалецира станци. Республикан центр боккхачу кхерамехь яра.

Теркан къинхьегамхошна халчу минотехь Къилбседан Кавказе веара Ленина вайттина волу Къилбен Россин чрезвычайный комиссар Григорий Константинович Орджоникидзе я, цунах, халкъо ма аллара, накъост Серго.

Иза 11-чу июлехь Пятигорскера Владикавказе а кхечира, оцу дийнахь дуйна Теркан коммунистийн коьрте а хIоьттира.

Къилбседан Кавказехь ша волчу хьалхарчу деношкахь дуьйна Г. К. Орджоникидзе кхиира дуккхаачу ярташкахь а, станицашкахь а хила. ГIалгIайн а, хIирийн а, къинхьегаман казакийн а отрядаш йохкуш яра цуьнан шен куьйгаллийца.

23-чу июлехь гулйира Теркан халкъийн IV-гIа съезд-Цигахь Орджоникидзес кхолладеллачу хьолах лаьцна доклад йира. Сергос ламанхошна дийцира немцоша Украина дIалацар, Красновс Донехь бина болу гIаттам, Бичераховн контрреволюционни мятеж — иза цIийн цхьана зIенан хIоз хилар, вайн къоначу Советийн махкана дуьненаюкъарчу империализман тIелатар хилар.

Съездо шен заседанин хьалхарчу дийннахьехь сацам бира тIом сацоран хьокъехь дийцарш дан Бичераховна тIе векалш бахийта. Орджоникидзе кхеташ вара оцу долийначух хIумма а хирг цахиларх, делахь а цунна лаьара, оцу зеделлачунна тIехь герзаца гIаьттина йолу контрреволюци, ницкъаций бен йохалург цахиларх ламанхой тешна хуьлийла.

Изза гIуллакх дийцира Теркан халкъан Советан 24-чу июлехь сарахь хиллачу заседанехь а .Казакийн фракцин членашна юккъехь къинхьегаман казакаш хилла ца Iара-Цига кхаьчнера кулакаш-казакаш а.

Съезде кхаьчна болчу цара, хьалхарчу дийнахь дуьйна делегаташна юккъехь дуьйцура, большевикашна—халкъан Советан куьйгалхошна дуьхьал къамелаш дан деза, бохуш.

Асланбек Шерипов дика кхеташ вара мостагIийн цу тактикех. Цундела, Советан заседанехь контрреволюционни казакийн куьйгалхойх цаI волчу Фальчиковс, латталелоран комиссарана Пашковскийна а, тIеман комиссарана Бутыришна а дуьхьал къамел дича, Асланбека иза къамел дечуьра оьгIазе юкъахваьккхира:

«Тхуна тхешан хьашташ хууш а ду, билгалбаьккхинчу некъа гIера тхо цхьаммо а дIа а дохур дац. Тхо хадам боллуш дуьхьал ду Теркан мехкан берриге хаьржинчушна казакийн къаьсттина йолчу тобано мел ечу ультиматумашна. Нагахь санна казакашна Пашковский я Бутырин ца везахь, уьш цабезачо кхуза съезде а баьхкина цаьрца барга къовса деза, красноармейцаш хIаллак а ца беш, ткъа къинхьегаман казакаш контрреволюционни элементех дIакъаста беза, тIаккха тхо нанас бинчу вежаршца санна хир ду цаьрца».

Теркан халкъан съездехь Асланбекан дахарехь дицлур доцу шозлагIа цхьаьнакхетар хилира. Цуьнан хьалха С. М. Кировца цхьаьнакхетар хиллера. XIинца и цхьаьнакхийтира Серго Орджоникидзеца. Шерипов дуьххьара вевзинчу Серго Орджоникидзена, шен заман чохь Киров-

на а санна, оцу сахьата хиира и жима стаг, революцин бIаьхойн могIаршка ваьлла дукха хан йоццушехь хьекъал а, доьналла а долуш халкъан куьйгалхо хила тарлуш хилар.

Асланбек чохь Iачу «Париж» цIе йолчу гостиницан 22-чу номерехь дIайиллира Сергос гулйина йолу съездан ламанан фракцийн заседани. Царна юкъанисбеллера, казакийн фракцина юкъа санна, шортта молланаш а, шайхаш а, кулакаш а. Дийцаре диллинарг доккха маьIна долуш гIуллакх дара: «Бичераховн гIаттамах лаьцна ламанхошна хеташ дерг».

Кулакех схьаваьлла волу цхьа нохчо герз охьадилла дезарх ламанхой тешо гIоьртира:

— Оьрсашка вовшашна еттийта,— бохура цо.— Вайн, нохчийн, гIуллакх дац цу юкъагIерта.

Цо бохург къобалдира моллас а:

— Я цIа а, я йиша-ваша а, я дела а воцчу босякашца цхьана новкъа нохчий бохуьйла яц. Дийцар казакашца дан деза.

Цул тIаьхьа къамел дира Асланбека:

Латта казакаша лур дац, — сацам боллуш дIахьедира цо. — Къомаллин паргIато а лур яц цара. Шайхаш а, Чермоевгlар а казакийн атаманашца цхьаьна халкъана дуьхьал бу. Вайна Советан Iедалой бен ца ло латта а, паргIато а.

Дехха дукха къамелаш дира. Ламанан фракцийн дукхах берш Шериповна тIаьхьахIиттина бара. Орджоникидзе тийшира къоначу нохчочо ламанан адамаш шена тIаьхьадуьгуш хиларх. Заседани чакхйолуш къамел дира Орджоникидзес, цо ламанхошна дийцира, къаьмнашна юккъехь мостагIалла даржор а, уьш большевикашца гамдар а хьанна пайдехь ду.

— Цара боху, — элира Серго Орджоникидзес, «акхачийн» большевикашца цхьа барт бу. Иза бакъ ду, къиза хIаллакдархошца цхьаьна хуьлучул, тхуна «акхачаьрца» далар а тоьлуш хета.

Терски большевикийн куьйгалхочун дешнаша чIогIа баккхийбебира ламанхой. Ламанхой шаьш хевшина болчу меттигашкара хьалалилхира. Орджоникидзе декъалавеш тIараш а детташ.

---

[1] Чермоев — нохчийн миллионер-нефтяник, Къилбседа-Кавказан националистически куьйгалхойх цаI.

Шоллагlчу дийнахь съездехь ламанан фракцин цlарах Шериповс дlахьедира. «Моздокерчу казачье-ахархойн Совето куьйгалла деш болу контрреволюционни болам мичча кепара гlуллакхаш дина а бохо безаш бу. Аса боху кху герггарчу деношкахь цхьаллин революционни фронт кхолла гlуллакхаш ца дахь, тlаккха вай, къинхьегаман халкъ, дохийна хир ду... Шемалан мюридаш йозадешар хууш а ца хилла, я Мамуловс [1] санна юридически факультетехь а ца дешна, делахь а оьрсийн империализмаца болчу цlийlаноран къийсамехь цара гайтина шайна паргlато езаш хилар. Тхо хир ду революцин мурдаш, тхешан дайша кхузткъа шарахь латтийначу кепара паргlатонехьа къийсам латто а тlелоцу оха...»

Съездан перерыв йолчу хенахь, Серго Орджоникидзе Шериповна белш тlехула пхьарс а баькхина, хьалха кадетски корпусан хиллачу цlеноЙн учахула вехха цуьнца дlаслийлира.

Къоначу революционеран къамело дог гlаттийра цуьнан, ламанан коммунистийн фракци кхолларан гlуллакх Асланбекана хьалха а хlоттийра цо.

— Ахьа селхана хьо парте вер ву элира, иза уггар халчу хlоьттинчу муьрехь, — бохура Орджоникидзес. — И мур тlекхаьчна. Вайна ламанхойн коммунистийн чlогlа кадраш оьшу, ахьа уьш вовшахтохаргахь гlо дан а деза.

Асланбека, са доlуш а вуй техьа и аьлла, чlогlа ладуьйгlира «ленински комиссаре». Заседане чукхойкхуш горгали бекча, цо Сергон доггах куьйг а лаьцна дош делира хlуъу а лалу долчу большевикийн-ленинцийн тоба Нохчийн чохь сихха вовшахтоха.

Цхьалла йохо гlиртинчу меньшевикашций, эсерашций шайн хилла чlогlа къамелаш дlадевлча съездан делегаташ хlума яа бахара. Хьалхабоьлхучушца Асланбек хилар хааделлачу Сергос шена уллорчаьрга меллаша элира:

— И накъост чlагlвалийта а, кхиийта а веза, тlаккха цо ша гойтур ву.

Орджоникидзена хьалххе дуьйна хиннера Асланбека ша бакъволу большевик хилар чlогlачу тlемашкахь гойтург хилар.

6-гlа август тlекхочучу буьйсанна бичераховски хьадалчаш — полковникаш Беликов, Соколов тlелетира Владикавказана. Съездан шен болх сацо дийзира.

---

[1] Мамулов-эсер, Бичераховца машар барехьа къамел дина волу.

Делегатийх цхьаберш герз а карахь гIалин урамашкахь леташ бара, важаберш — гIалгIайн чу гIо диэха бахара. КIадлурвоцуш волу Орджоникидзе массанхьа а кхуьура. Курски а, Молокански а слободашкахь латточу турпалаллин къийсамана тIехь куьйгалла дора цо, цуьнца цхьаьнний гIалгIайн отрядаш вовшах а еттара. Урамашкахь шийтта дийнахь чIогIа тIемаш бинчул тIаьхьа гIала пагIатъяьккхира. Йохийна бичераховски бандаш Владикавказера дIалаьххира.

Теркан республикан столицехь кхуьйсучу тоьпийн гIовгIа дIатийна а ялале, луларчу пролетарски центрехь — Грознехь керлачу ницкъаца марсаелира бичераховски авантюра. Бичераховс логгец гергаца кечбина болу казакийн Грозненски станицерчу кулакаша Советера белхалойн дружинашкара герз дIаэцар лоьхуш гIалийна кхерам тийсарца дIадоладелира иза.

Цунна жоп луш 11-чу августехь Грозненски Совето станицехь Iаш болчу казакашка ультиматум елира герз охьадилла, аьлла.

Грозный станицерчу казакашна гIо дора Червленни а, иштта кхин йолчу а станицашкарчу бахархоша.

ГIалийна мостагIаша гобинера. Гонна юккъехь болчеран эскарш кIезиг дара: Йоккхачу мехкдаьттан тIерачу белхалойх вовшахтоьхна Пролетарски батальонний, самооборонан ротий, нохчийн отрядашший. XIинца 1918-чу шеран 11-чу августан цIарах болчу Граничной урамехь окопаш яьхнера.

ДIадоладелира Грозный контрреволюционни бандех бIе дийнахь турпалаллица ларъяр. Грозный ларъярхойн ницкъашна тIехь куьйгалла деш бара Н. Ф. Гикало а, Михайлик а, Левандовский а, иштта кхин берш а. Цу гIемашкахь жигара дакъалоцуш вара Асланбек а.

Асланбек Шериповна хаьара Грознерачу бахархошна казакеххий, нохчийххий вовшахкхетта йолу контрреволюци нохчашкара гIо доцуш нохо хала хир дуйла.

4-чу августехь Шерипов Нохчийн чу вахара. Новкъара шен доттагIашка цо яздира:

«Бакъ а луьйш, дуьззина хила тарлуш долчу аша нийса дийцинчуша а, хьалхахь лаьтташ дерг ирча-кхераме хиларо а, со кхерор вац. Аса сайн корта кхоор бац, суна лууш дерг цаI ду, — вежарийн цIий ца Iанор, вежарийн кардх цавалар... И дерриг а чакх муха дер ду-м ца хаьа

суна, даймахкана сацам боллуш маьIна долчу гIуллакхашна юьстах а ваьлла, дакъа ца лоцуш волу хьежархо а хилла со Iа а лур вац, я цуьрриг а лаа а цалаьа суна»[1]. Асланбек Шерипов гIуллакхийн юькъачу метте вахара. Нохчийн ярташкахула ГIойтIа вахарца, цо Грозныйн бахархошна гIоьнна керл-керла нохчийн отрядаш гIиттийра. Генахь йогу цIераш серлаюьйлура. Йогуш яра, исс бутт хьалха «туземни корпусерчу» кортошдахархоша цIе тесна Грозныйн нефтан промыслаш.

Асланбек сихвелла хилар эрна дацара. ГIойтIахь хууш дара гIалахь болчу тIамах. Совстан цIенюшна хьалхахь ламанхойн адамаш дара. Хаалуш дара цхьа сакъералуш хилар. Iабдул-Решид Исаев сихха тIемалой Iамош вара. Цуьнан бIаьхой юьртан массо а маьIIе кхочура партизанаш гулбеш. Кечам бар уггар оихделлачу хенахь Совете кхечира Шерипов.

— Шериповна ура, маршава Шерипов! — декара дошлойх юьзначу майданахь.

— Ура, ура!

Баттарадаьхна тарраш маьлхан зIаьнаршлахь къегара.

Ткъа Грозиера хьал хIор деина холчахIуттуш дара. Оцу халачу муьрехь гIала ларъяран командованига доцца, амма чIогIа мехала кегIат кхечира:

«Накъостий, чIогIа латталаш, етталаш казакашна, нохчийн къехой шуна орцах богIу. Асланбек».

И хаам ерриге а фронтехула сиха баьржира. ЧIогIа хазахетара Грозненски бIаьхошна шайна гIонна нохчийн дешлой богIийла хиъча.

Шериповс отряд дIахIотто а, новкъа довла кийча хила а приказ делира. Юьртан массо маьIIера тобанашца гуллуш бара дошлой, тIеоьхура гIашлойн бIаьхойн отрядаш. Герзаца кечдина и дерриг а адамаш дIахIиттина девлча Шериповвий, Исаеввий майдана юкъавелира. Шериповс говран вортанах куьйг а хьаькхна, луьйтанаш чохьира а хIоьттина, гулбеллачаьрга а хьаьжна, церан догойла гIаттош къамел дира:

«Дагадогlий шуна обарг Ассира муха къийсина, хаьий шуна турпалхой муха бала беза? — аьлла хаьттира цо. Кхузахь халкъан илли тIера меттиг ялийра цо:

---

[1] Архив ИВГ, д. № 5, Теркан гIевттинчу эскарийн штабан дело.

Ах бIе шеран къийсамехь, хийла турпалхо Iожаллин буьрсачу мангало цестира, пургIатчу Кавказан уггар нуьцкъалчийх тоьлла берш цу тIамехь Iожалло лийцира. Аренан ялтийн уггар тоьлла гIодамаш оьгуш хуьлу иштта ира марс хьаькхча. Ткъа бехкан, гIийлан берш, могаш боцурш кIелхьара буьйлу, лаьтта охьатеIаш»[1].

— Нохчий! — бохура цо, — тера ца хир вай мархалделлачу гIодамех, охьа ца таIор вай вешан кура кортош мостагIчунна хьалха, бIо ца къажош гIор вай цунна дуьхьал, тоьлур вай, я турпалаллин Iожаллех лер вай!»

— Я лер вай, я тоьлур вай! — жоп делира бIеннаша аьзнаша. Асланбека куьйг ластийра, Исаевс говрахь новкъа а иккхина баттара даькхинчу туьраца гIала а гойтуш команда делира:

— Льтту агIурхьара кхоккха цхьаьна, яхкийта!

Дукха адамо новкъа яькхира гIалитIа йоьду отряд. Шен хеннахь дIакхечира иза цига. Грознехь беш чIогIа тIемаш бара.

3.

Шериповс а, Исаевс а куьйгалла динчу нохчийн дошлоша хастаман кIезиг агIунаш ца язйина Грозный турпалаллица ларъярехь. Цу шиннан дошлой мостагIчун ата-ка юхатоха хала мел долчу кхуьуш бара, чехка тIелатарца белоказакийн могIарш доха а деш.

Шериповн дошлой Нохчийн чохь оьцуш бара гIала ларъя цахилча йиш йоцу патармаш. Патармаш эца ахча Орджоникидзес данйтинера. Сентябрь бутт чакхболуш ламанашкахула, белоказакийн фронтана тIех а ваьлла Орджоникидзе голаьцна йолчу гIала веара. Цо дог-ойла гIаттийра Грозный ларъярхойн.

Орджоникидзе веанчу дийнахь отрядийн командираш гулбинера. Фронтехь долчу хьолах болчу хаамашка ла а доьгIна, Сергос доцца дийцира мехкан юкъарчу а, Теркан республикерчу а хьолах лаьцна.

Дерриге а дуьненах хаьдда болчу голаьцначу гIалин бIаьхоша а, командираша а чIогIа ладоьгIура комиссаран къамеле. ЦIечу Эскаро Волгехь баьхначу толамийн хьокъехь болчу хаамо церан дегнаш хазахетарех дуьзи-

---

[1] Обарган хьокъехь долчу хаамаш илли тIера цхьа дакъа. Гочдинарг А. Шеринов.

ОТДЕЛ ОБСЛУЖИВАНИЯ ЧГУ г. ГРОЗНОГО
364051 г. Грозный, пр. Победы 22
19309.

ра, Ленин вен гIортар а, Урицкий акхараллийца вер а шайна хиъча оьгIазаллица буйнаш къуьйлура цара.

— ГIоли хетий Ильичана? — хаьттира цара Орджоникидзега.

Тхьамдин могашалла толуш ю, — аьлла жоп делира Сергос. Массара а дегнаш пергIатдовларца садаьIира.

Чрезвычайни комиссаро дийцира бичераховски фронгах а, Владикавказехь август беттан деношкахь полковник Беликовн эскаршца латтийначу къийсамехь зеделлачух лаьцна а. Командираша чIогIа тидам тIебахийтарца ладуьйгIира цуьнан къамеле, цхьадерш кегIата тIехь дIа а яздеш. Иза дуьззина кхеташ а дара. Уьш болчу Центральни газеташ ца кхочура.

Иттаннаш собранешкахь, окопашкахь, тIамехь садоIийла яьллачохь командираша тIемалошна буьйцура комиссаран къамелан чулацам. Белоказакашна юккъехь листовкашца даьржира и къамел.

Г. К. Орджоникидзе Н. Ф. Гикалоций, оборонан кхин болчу куьйгалхошций фронте вахара. Иза чIогIа тидам тIебахийтарца хьожура Гранични урамехь йолчу чIагIонашка, окопаш йоллучохь саца а соцн цо деха къамелаш дора бIаьхошца.

Позицийна юккъе Орджоникидзе кхаьчча аьрру агIурхьа тоьпаш йийла юьйлаелира. Белоказакаш чухьаьлхинера.

— Цига гIур ду вай, — аьлла сихвелира Орджоникидзе.

— Накъост Орджоникидзе, цигахь кхераме ду, казакаша фронт хадо тарло, — бохуш Серго цига ца вахийта гIертара Гикало.

— Цундела, фронт ца хадаяйтархьама вай хила деза цигахь,— бохура цо.

Орджоникидзе а, цунна юххебевлларш а пулемет еттачу метте буьйлабелира. Новкъа дIабоьлхуш царна говрийн когийн татанаш а, чIоггIа детташ маьхьарий а хезира.

— Мила ву иза? — хаьттира Сергос.

— ГIонна хаьххина богIу Шериповн дошлой бу.

Нуьйран хIоьънашна тIеraьIина, отрядана хьалхаваьлла хаьххина вогIура ши дошло.

— Шерипов ву иза? — хаьттира Орджоникидзес.

— Шерипов а, цуьнан помощник Iабдул-Решид Исаев а ву.

— И хьаштдоцург ду цара лелориг, уьш-м нисса пулеметашна тІе ма гІерта, аьлла очвелира чрезвычайни комиссар.

— Саца боху ала Шериповга, сел чуьравалар хьекъалца дац.

— Цунах гІуллакх хир дац, накъост Орджоникидзе. ТІамехь Шериповца барт бар хуьлуш дац. Иза даима а кхочу уггар кхерамечу меттигашка.

«Ура» бохуш чІогІа деттачу маьхьарша къамел сацийра. Орджоникидзен бІаьргашна хьалхахІуьттура турпалаллийн оборонан уггаре а тамашийчех цхьа сцена.

Пулемет етташехь стелахаьштигал а чехка Гранични урамах тІехлилхира Шериповгіар; цкъа цІнйнан сона тІехьа къайла а бевлла, тІаккха дошлоша маьхьарий а, шакарш а етташ мостагІчунна тІехьашха тІе тІом болийра. МостагІчун пулеметаш дІатийра. Окопаш чуьра хьала а лилхина чухьаьлхира самооборонан бІаьхой а.

Шериповн отрядо чехкка чу а хаьхкина тІом бар бахьана долуш, аьрру агІурхьарчу фланго шен позицеш Іалашйина ца Іеш, белоказакаш цаьргарчу кварталера дІа а бехира, шайна жимма садоІийла а яькхира.

— Дика а, майра а кІант ву хьо, Шерипов, — элира Орджоникидзес, тІе хьацар тоьхна юьхь пхьуьйшаца якъа а еш шена тІевеанчу Асланбеке.— Хьалха суна гинера трибуна тІера къамелаца ахьа мостагІашна муха етта. ХІинца суна гин тІамехь а хьо ишта майрий, тІах аьллий къонаха хилар. Дика бира ахьа тІом. Амма аса цхьа хьехар до хьуна, кхин ма делахь айхьа хІинцца динарг. Пулемет еттачу новкъа говр хехка мегар дац. Хьан дахар хІинцачул тІаьхьа а оьшур долуш ду, цундела цу тайпана кхерамна кІелгІерта ца оьшу.

Орджоникидзе, Шериповн, Исаевн чІоггІа куьйгаш а лоьцуш, маршалла а хоьттуш боккхачу толамца бІаьхой декъала а бина, уллобевлла дошлой а болуш, штабе вахара.

Сергон Грознехь дукха Іен йиш яцара. Цуьнан кхечу меттигашкахь дан дезаш дукха гІулдакхаш дара. Цо дийцира гІала кхин дІа муха ларъя еза а, революционни дог-ойла йолу казакаш ша гІо дан бохкуьйтург хилар а.

Сарахь шериповгІара Нохчийн чу ваха новкъа ваьккхира иза. Грозненцаша мостагІчунна гІала дІалург ца хиларх тешна а волуш Нохчийн чуьра Владикавказе вахара чрезвычайни комиссар.

Кхозлагlа бутт бара гlала ларъеш йолу. Белоказакашна керл-керла ницкъаш тlеоьхура, ткъа гонан юккъехь болчеран патармаш кхачош лаьттара, бlаьхойн могlарш нилхлуш дара. Кхечу фронташкахь Бичераховца латтош болу къийсам чакхболуш бара. Ноябрь бутт болалуш Орджоникидзес Теркан Советан член А. З. Дьяковс куьйгалла а деш йолу революционни дог-ойла йолуш болчу казакийн отряд Грозныйна гlонна яхийтира. Кестта Орджоникидзе ша а вухавеара Грозне, доккха маьlна долчу тlемашна тlехь куьйгалла дан.

Командираш а, Орджоникидзе а позицешкара дlа цабовлура. Шеришовн дошлой мостагlашна тlехьашха чехка тlелетира. Аьтту агlурхьара тlетеlара шен коьртехь командир Михайлик волу Пролетарски батальон. Белоказакаша чlогlа дуьхьало йора. Цара фронте хlиттийнера шайн берриге а ницкъаш.

Цlечу эскаршна къаьсттина дукха новкъарло йора, шена чохь масех эпсар волчу бронемашино. Шоллагlа де дара, цара ца совцуш, тlелеташ болчушна догlа санна, даш детта.

1918-чу шеран ноябрь беттан 10-гlа де тlекхочучу буьйсанна Беликовски тlай тlехь ечу операцийх цаl чакхъяьлча, белоказачьи броневижкан командо садаlа сацийра. Цхьанхьа-м чагlар а карийна, гlалин йистерачу цхьана керта машина а хlоттийна, цара сакъера долийра.

Амма кестта чагlар кхачийра.

— Аша пурба лахь, суна карор ду шуна чагlар,— элира броневикан шофера Николай Зайцевс.

Эпсарш резахилира. Зайцевс, шен дерриг ахча а делла, масех четверть къаьркъа нйцира.

Сатосуш ерриг команда ехна яра. Бехна эпсарш цlенкъахь lоххура. Тlаккха Зайцевс къуонахчаллин гlуллакх дира. Оцу броневико белоказакашна мел гlо до хууш и шенчарна тlевахаран ойла еш волу дукха хан яра. (Иза вара йийсар дина казакаша лаьцна красноармеец, цlечушна дуьхьал броневик нуьцкъала лелайойтура цуьнга). Ша вада аьтту болура цуьнан цул хьалха а, делахь а броневик бухайита ца лаьара, ткъа тахана броневикаца водийла яьлла.

Ерриг а команда ехча, эпсарш бийшина болчу цlенойн неlарш арахьахула дlа а къевлина, Зайцев броневика тlехь сиха кех велира.

Граничин урамехь тоххурехь дуьйна тlом бара беш.

Цечеран батарейс яккхий топаш еттара станицана. Зайцевна хаьара броневик гучу ма еллинехь, яккхий тоьпаш цунна тӀеерзор юйла. Амма кхин дан хӀума дацара.

— Еттачу тоьпийх чакхваьлла тхайчарна тӀекхачалахьара, деррига цигахь къастор дара,— бохуш ойланаш йора цо.

Лелхаш долчу яккхийчу тоьпийн хӀоьънашна кхоалгӀачу чехкаллийца, дуьхьалхьаьдира кхералур воцуш волу шофер, амма машина хотталахь йисира. Бевдда тӀебаьхкинчу красноармейцийн гӀоьнца хотталара схьа а яьккхина броневик хӀума ца хуьлуш цӀечеран штабе ялийра. Зайцевс динарг хиъначу Орджоникидзес цунна баркалла элира, ахчанца совгӀат а деш. Теркан совнаркоме бечу хаам тӀехь цо яздира:

«Тахана, 10-чу ноябрехь, Іуьйранна, шофера Николай Зайцевс, тхан яккхийчу тоьпийн батарейс ша верна кхерам боллушехь, грозненски станицера бронеавтомобиль ялийна.

Накъост Зайцевна Советан Іедална муьтӀахь хиларна Центральни совнаркоман цӀарах накъосталлин баркалла а аьлла, пхи эзар сом ахча а делла».

11-чу ноябрехь суьйранна эскарийн дакъошкахула комиссараша дӀахьебира хазахетаран хаам,— Германехь революци йолаялар. Командираша чӀогӀа къахьийгира тӀамна чугӀерта бӀаьхой сецош.

1918-чу шеран цхьайтталгӀачу ноябрехь къаьстира гӀевттинчийх хиндерг. Гонна юккъехь болчушна гӀоьнна революционни казакаш баьхкира, накъ. Дьяков коьртехь а волуш. Слепцовски а, Карабулакски а станицаш йолчухьара, бичераховцийн баккхий ницкъаш шайна тӀе а ийзош, уьш Грознина тӀекхача гӀерта масех кӀира дара. И дарца цхьаьна цара мостагӀчун тыле зерхой оьхуьйтура. И бахьана долуш бӀеннаш къинхьегаман казакаш, бичераховн ямартлонан бакъдолчу маьӀнех кхета а кхетта, фронтера герзашца уьдуш, Дьяковн отряда оьхура.

4.

БӀеднйнахь лаьттинчу оцу тӀамехь Асланбек Шеринов башха дика вовшахтуьйхира Бичераховн эскаршна герзашца ондда дуьхьало яр, шегара инзаре йоккха майралла а гайтира. Грозный ларъяран къийсамехь дакъа а лоцуш, цо диц ца дора ламанан Нохчийн чохь болчу

мостагIашна дуьхьал къийсам латто безаш хилар а. Нохчийн чоьнан пролетарски центр — Грозный, къинхьегаман ламанхойх дIахадийна хиларх пайда а оьцуш, националистически буржуазис а, шайхаша а, молланаша а дарехь агитаци лелайора Советски Iедална дуьхьал. Церан цу тIехь аьтту бора, къинхьегаман ламанхойх тоьлуш долу дакъа ЦIечу Эскаран могIаршкахь Грозный ларъеш хиларо а. ГIойтIарчу Совета юкъа цхьамогIа шайхаш а, молланаш а бигинчу националисташа адамаш Iехор дуьзина гайта лаьмнашкахь ницкъаш ца тоьара. ДIастеIаш берш шаьш бохучунна тIе а берзийна, цара къийсам болийра, Шериповн куьйгаллийца герз а карахь къинхьегаман Нохчийн чоь ларъеш йолчу Советан цхьаболчу членашна дуьхьал. Ахчанца адамаш эцарций, мотт-эладита лелорцийй нохчийн халкъан мостагIийн аьтту белира ГIойтIарчу Совете юхахаржамаш бан, Теркан халкъан Советера хьалха хаьржина болу Нохчийн чуьра векалш юха а баьхна, церан метта кхин бахийтар хьалха а хIоттийра.

ГIоитIара халкъан Совет сацам боллуш буржуазни националистийн лаама кIел яханера, Революционни Советан цIарах пайда а оьцуш, ма дарра аьлча, националисташа контрреволюционни гIуллакхаш дора.

И хиъначу Шериповс сацам бо ГIойтIарчу Советаца дерг дIахадо. 13-чу октябрехь «Халкъан Iедал» цIе йолчу газета тIехь зорба тоьхна арадаьллачу Теркан республикан къаьмнийн гIуллакхийн халкъан комиссаран Шерипов Асланбекан дIахьедаро хоуьйтора, Нохчийн ЦIечу Эскаран командующин декхарийх цо ша мукъавуьтуш хилар.

...«хIинца,— яздора цо,— тIекхаьчна Нохчийн чохь революцина юкъа керла, боккъалла а болу революционни ницкъаш гучубовла беза хан,— уьш нохчийн кегийрхой бу, ткъа харц шайхашний, молланашний, купецашний и. д. кх. болчарий кху шина шарахь шайн сий чIогIа дайи. Нохчийн халкъ пархIатдалар оцу керлачу ницкъана неккъий, пархIатой ялархх доллу.

Суна хаьа сан отставкой, Нохчийн чохь бакъйолу революци хила езаран хьокъехь суна хетачой тайп-тайпанчу басарийн питанаш а, мотт-эладитанаш а доладойтур дуйла, цундела аса иштта дIахьедо нохчийн ЦIечу Эскаран командующи волчуьра айса со мукъа лоруш хилар а, амма аса мукъа ца вуьту со нохчийн къинхьегамхойн

ирсехьа къийсамлатторхо хиларх, хIунда аьлча и къийсам аса дIахьур бу кхера ца луш, доггах резаволуш, цхьана а питанашна къар ца луш».

Теркан халкъан Советан заседанехь ша динчу къамелехь Шериповс бохура:

«Тхан Нохчийн чохь революци хIинцца йолалуш ю. ХIинццалц схьа политика «мох хьоькх-хьоькхучухьа...» яра.

...Гойтински халкъан Совето гойтург нохчийн къинхьегаман-халкъан лаам бац ала ваьхьар ву со шуьга.

ТIаьххьарчу хенахь Нохчийн чохь советски парти вовшахкхетта, Гойтински Совете юхахаржамаш бан нохчийн халкъан съезд гулъярехьа агитаци лелош йолу. Халкъан Совете керла членаш харжаран хьокъехь болу Гойтински Советан сацам, оццу партина дуьхьалхьажийна бу. Аса чIагIдо, Гойтински Совет — Советски организаци цахилар, иза мородерийн, спекулянтийн, совдегарийн, бакхалчийн, молланийн союз ю...

Аса тIедуьллу, нагахь халкъан Совето шен керла членаш чIагIбеш хилахь, Нохчийн чохь хIинца кхоллаелларчу политически партин векална меттиг ялар».

Серго Орджоникидзен чIогIа а, сацам боллуш а йолчу политиках, цуьнца динчу къамелийх Асланбека боккха пайда оьцура. Шерипов дика кхетара, нохчийн политически парти кхоьлличий бен (иштта цIе йоккхура хIетахь большевикийн), тIеговш гIуллакхаш дийрашший, халкъан мостагIашца къиза къийсам ца латторашший дIабаьхчий бен дIаболабеллачу граждански тIамехь толам баккхалург цахиларх а, нохчий нийсачу некъа тIе хIотталург цахиларх а.

1918-чу шеран ноябрь чакхболуш Теркайистехь чоьхьарчу контрреволюцица латто къийсам, бичераховцаш буьззина бохош чакхбаьллачу муьрехь, Деникина Кубанехьарчу Минеральни Водийн группана шен керла тIелатар дIадаржийра. Деникинан кхиамна аьтту бира, шен командир Сорокин ямартхо а, хIилланча а хиллачу, XI-чу эскарерачу халчу хьоло. 27-чу октябрехь цо тешнабехкаца схьа а лецна, тоьпаш туьйхира Къилбседа-Кавказан республикан куьйгалхошна: партин крайкоман председательна и. Крайневна а, крайн ЦИК-н председательна и. Рубинна а, цхьа могIа кхин болчу жоьпаллийн белхахошна а.

Зулам оихха дIа-м даьккхира, амма эскаран хьолана

чIогIа Iаьткъира иза. Шелъяла йоьллера. ЧIогIа вон дара фронтана оьшучуьнца кхачояр.

Тифан ун (эпидеми) даьржинера.

ТIемалой а, командираш а турпалаллица лиэташ хилашехь, XI-чу эскаре халла бен ца ладелира деникинцийн тIелатар.

Теркайистехь Советски Iедалехьа керла чIогIа тIемаш бара бан безаш.

Бичераховщинца латтийначу къийсаман жамIаш даран дуьхьа, оцу зеделлачуьнан буха тIехь Теркан къинхьегаман халкъаш керлачу халонашна кечдархьама, Владикавказехь 28-чу ноябрехь гуллуш Теркан халкъийн V-гIа съезд яра. Съезд дIайоьллуш ша дечу къамелехь Орджоникидзес билгалдаьккхира Теркан республикан халкъаша шайн толамийх дозалла дан мегарг хилар, нохчийн, гIалгIайн, гIебартойн цхьабарт болу доьзал эшалур боцуш хилар, нагахь иза буржуазни хIилланах Iеха ца лахь, нагахь цунна тIехь куьйгалла большевистски партис дахь. Амма цуьнца цхьаьна Орджоникидзес дIахьедора:

«Чермоевх кхерам хилар билгал а доккхуш, со декхарийлахь ву къаьсттина нохчашка ала, нагахь нохчийн халкъана ца лаахь Чермоев вайн лаьтта тIе вогIург цахилар. Грозный-гIала воьдуш, суна гира, нохчийн халкъ Чермоевна тIаьхьахIуттург цахилар, амма цунна юкъахь а бу шен БичераховгIар...» [1].

Орджоникидзес съездан тидам тIебохуьйтура Чермоев а, и санна берш а шайн хьелаш юха а шайн карадерзорхьама, хьанна а шайн мохк дIабохка кийча хиларна. Уьш кхайкхина баьхкина Кавказе англичанаш а, туркой а, немцой а. Теркан республикан къинхьегаман ламанхой а, къинхьегаман казакаш а декхарийлахь бу интервенташний, ЧермоевгIарний дуьхьало ян кхин а чIогIа барт болуш вовшахкхета.

Нохчийн ЦIечу Эскаран командующис, хIинца цу гIуллакхе Гойтински Совето ца хIоттош, Теркан халкъан Совето хIоттийна волчу, Асланбек Шериповс тешийра Орджоникидзе а, съезд а, нохчийн ЦIен Эскар, дерриг нохчийн халкъ керлачу мостагIчунна дуьхьал болчу къийсамна, цаI санна, гIовттург хиларх.

«Суна дагадогIу,— бохура Шериповс,— казакашна юккъехь пропаганда лелоран хьокъехь долу гIуллакх

[1] Пятигорскерчу истпартан архив.

Дьяковс айича, аса мукIарло до, оцу пропагандин кхиам хирг хиларх со тешаш хилла цахиларна. Амма хIинца вай тийши сийлахь-йоккха идей казакийн кхетаман кIоргалле кхаьчна хиларх, вай ваьш а тешаш ду, казакийн кIенташа шайн дайшна дуьхьал лаьттийначу оцу къийсаман.

Латта бахьана долуш казакашца исторически мостагIалла лаьттинчу халкъан кIант, нохчо суо воллушехь, амма со воккхаве казакийн, нохчийн къинхьегаман халкъийн цхьабарт хиларх...»

Оцу дешнаша нохчийн, казакийн фракцийн векалшлахь чIогIа тIараш деттар эккхийтира. Шаьш Iачура хьалагIевттира векалш, ткъа цхьана къеначу нохчочо шаьлта баттара а яьккхина, диттан агIурхьара а лаьцна доттагIаллин билгалонна шена юххехь Iачу казаке дIакховдийра. Хазахетта, казакан бIаьргах хи делира. Цо, схьаэцна хIаваэхь мосийттазза хьовза а йина, шаьлта къеначу нохчочунна юкъахарчу батта йоьллира.

Цул тIаьхьа ерриг зало декъалабаран гIовгIанехь цара вовшашна обанаш бехира.

«Нагахь ламанан правительствон дешнашкахь къегаш, — бохура кхидIа а Шериповс, — сиэдий, ах буттий хиллехь, ткъа хIинца цаьргахь лепа британски лом, иза бусалбанаш керистанех ларба, я шариIат чIагIда ца вогIу, иза вогIу шен империализм чIагIъя. Нохчийн шайх а, спекулянт а, английски таж а кхоьрург цаI ду — Советски Iедал дIасдаржаран кхерам. Оха тхешан шайхаш, молланаш бухкур бу оьрсийн ахархоша шайн буржуази йоьллинчу дозанашка, тхо цунах теша, уьш къурIанаххий, шариIатаххий тешачул а чIогIа. Оцу къийсамехь тхан ЦIен Эскар, хIаллакьхила а там бу, амма тхо курра хIаллакьхир ду, тхаьш, английски капиталан ялхой хилла а ца дехаш, лаьттехьан, паргIатонехьай къуьйсуш лейла а хууш. Сан къамел чакхдолуш, со ала декхарийлахь ву, кхузахь деш долу къамелаш, къамелаш хилла ца Iаш, кху герггарчу деношкахь билггал хиндолу дан тIелаьцнарш хилар. Нохчийн ЦIечу Эскаро доьху, кхерарна доцуш, эхьаний-бехканий долчунна ша хьаштдоллучу фронте хьажор, мичча хена а контрреволюцица къийсам латтор дIахьур ду цо [1].

Съездан дакъалацархоша чIогIа тIараш деттарца

---

[1] Пятигорскерчу истпартан архив.

жоп делира Шериповн къамелана. Военком Бутырина тIедиллира и къамел массо а Кавказан халкъийн меттанашка а даьккхина, ламанхошна юкъахь дIадаржор.

Боккхачу айамца чакхъелира V-гIа съезд. Иза яра дукха къаьмнаш долчу Теркан халкъаш ваьштатаьIна хиларан къеггина йолу демонстраци а, Къилбседа-Кавказехь контрреволюционни ницкъашца большевикаша паттийначу къийсаман тоьлушха долу жамI а.

Съезд дIакъовлуш, Орджоникидзес цунах лаьцна ишта элира:

«ХIун башхалла ю хIокху съездан IV-чуьнца юьстича? Стен хуьлуьйту хIара боккха айам, хIокху тайпана чIогIа тIараш деттар, букеташ (зезагийн курсаш) тIекхехьар, ишта дIа кхин а? Иза хуьлуьйту, кху агIур Iеш берш къинхьегаман казакаш хиларо. Ишта со теша, вай коммунист лоруш волчу накъост Шериповна гонах, Iохчийн чохь коммунистийн тоба кхоллалург хиларх. ГIалгIашна юкъахь а бу коммунисташ. И берриге а къехой — иохчийн, гIебартой и. дI. кх. — оьрсийн къехошца цхьаьнакхетта казакашца цхьаьна Чермоевний, Арсановний, берриге а ямартхошний дуьхьал гIур бу...» [1].

Орджоникидзес аьлларг бакъ хилира. Кестта Теркан къинхьегамхойн гIуллакха тIехь гайта дийзира шайн вовшахтаьIна хилар, большевистски партина, Советски Iедалла шаьш муьтIахь хилар, шайн паргIато а, дозуш цахилар а Деникинан тIелетарийх Iалаш а деш.

5.

Центрах хадийна, тIеман гIирсаш а, тIеюху бедарш а, молханаш а тIе ца кхочуш йисина XI-гIа арми, ах а сов мангало буц санна, тифо хьаькхна йолу, меллаша, тIемаш а беш юхаелира. 1919-чу шеран 20-чу январехь Пятигорск кIайчуша дIалецира. XI-гIа арми ГIизларехьа юхаяла йолаелира, астрахански аренашка.

Февраль болалуш Владикавказана уллохь дукха цIийIанош тIемаш хилира. Теркан коммунисташ, шайн коьртехь Орджоникидзе а волуш бухабевлира ГIалгIайн чуьрчу лаьмнашка. Грозненски белхалойн отряд, Владикавказцашна гIо дан еана йолу, нэша а эшна Грозне юхаелира. 4-чу февралехь Грозный а йитира.

Грознера шаьш духадовллале болчу муьрехь, Шери-

---

[1] Пятигорскерчу истпартан архив.

пов большевистски партин могIаршка велира. Цо шаь Орджоникидзена делла дош кхочушдира. Ламанан къинхьегаман халкъан куьйгалхочо шен дахар партин дахарца гуттаренна а дIадуьйзира. Цо иза толам баьккхинчу муьрехь ца деш, цкъачунна белахь а, амма чIогIа нэшам хиллачу муьрехь дира.

Грознера бухабевллачул тIаьхьа, нохчийн ЦIечу Эскаран тIемалошца цхьаьна, Шерипов лам чу вахара. ТIемалой лечкъа дезаш хилира уггар а революционни йолуш йолчу ярташкахь — ГIойтIахь а, ГихтIахь а, IалханЮьртахь а.

Кавказехь долчу деникински дакъойн командующис инарла Шатиловс нохчашка буьйр дира, цаьргахь левчкъина Iаш болу цIеэскархой шега дIабалар тIедожош. Нохчаша жоп делира шаьш иза дийриг цахилар дIахоуьйтуш.

МостагIчо ГIойтIа тIелатар дIадолийра. Кхузахь бара дуккха а грозненски белхалой а, цIеэскархой а. Оборонна тIехь куьйгалла цара дора. Цига кхечира Шерипов а. Нохчийн чоьнан революционни центрана кIайгвардейцийн ирча кхерам тIехIоьттича, Шериповсени, къоначу грозненски белхалочо Георгий Порванецкийсени ГIойтIахь ворхI стагах йолу кегийрхойн кружок йиллира. Юрт тIамах ларъеш дакъа а лоцуш, цу жимчу тобанна хан карайора кегийрхошца къамелаш дан а. Советски Iедало толам баьккхинчул тIаьхьа оцу тобанан членаш Къилбседа-Кавказан лаьмнашкахь кегийрхойн коммунистически союз вовшахтохархой бара.

ГIойтIана хьалхарчу тогIи чохь хастам боцу Iожалла тIеэца дийзира масийтта эзар деникинцан. Цхьана дийнахь тIом бинчул тIаьхьа герзан ницкъаца ламанцарчу нохчийн чу ваха йинчу ойланах вухавала дийзира мостагIчуьнан. Амма деникинцийн тешаме гIоьнчий бара — Атагински Советан куьйгалхой — ямартхо Чуликоввий, Деникина нохчийн чохь хьаькам хIоттийна волу, нохчийн халкъан мостагIа инарла Алиевний коьртехь а. волуш.

ГIойтIа уллохь баьккхинчу толамо корта ца хьовзийра Асланбекан. Деникински эскаран кIоргерачу тылехь къийсам латтор дIакхехьа ницкъаш вовшахтухуш вара иза. П. Ф. Гикалос куьйгалла деш болчу партизански ницкъашна юкъаяхана йолу Iалхан-Юьртахь вовшахтоьхна партизански отряд эзар стаге хьалакхаьччера.

Асланбека оцу юьртара хаам бира нохчийн чуьрчу партизански отрядийн штабе:

«Со тахана схьакхечи, организацехь къамел дира аса, дерриге а дика схьадогIу, оо тIенйцира сий деш тоьпаш а кхуьйсуш. Мехала ду хIуъу дийцича а хIинца сан болх бан йиш хилар. Соьца схьакхаьчна ламанхой, кхин тIе богIур болуш а бу. Массеран а дог-ойла тIелата лууш ю».

Деникинцашна хууш хилла Нохчийн чуьрчу партизанийн хьокъехь. 1919-чу шеран 17-чу мартехь Iалхан-Юьртана тIелетира даккхий бIаьхойн дакъош, 13 эзар цхьамзий, 5980 туррий, 30 йоккха топпий а йолуш долу. КIайчу кхаа инарло — Драценкоссий, Николаенкоссий, Поповссий команда деш бара и ницкъаш.

Дийнахь сарралц лаьттира и буьрса тIом. Партизанаша чIогIа дуьхьало йора. Къийсамехь дакъа лоцуш бара берриге а юьртахой: зударий а, бераш а, къена нах а. Цара массара а дуй биънера, юха ца бовлуш эшахь бала. Буьйсанна хан яьллачу хенахь, Iалхан-Юьртан партизаннийн турпала отряд ерриг а бохург санна йохийначул тIаьхьа, деникинцаша схьа а лаьцна, ягийра юрт.

Нохчийн, гIалгIайн яртийх цIе кхерстира, эзарнаш ламанхой кIелбаха тхов боцуш бисира, эзарнаш буьрсачу къийсамехь белира. Цунна жоп луш ерриг а Нохчийн чоь гIаьттира бIаьрга дан ца дезачу кIайчу инарлийн Iазапана дуьхьал. КIайчуша яхьийтанчу донесенех цхьанна тIехь вай доьшу:

«Карадаьхкинчу большевистски документашна тIехь гуш ду, большевикаша нохчийх цIен Эскар вовшахтоьхна хилар.

Районийн ерриге а 18 юьртара: БухIан-Юьртарий, ТIехьа-МартантIерий, Гермчигарий 2500 гергга новий-добровольцаш гIашлой а, дошлой а гулбина. Доккхаха долу дакъа гIойтIархойх дара — 520 стаг, шех гIойтIархойн отряд олуш хилла долу, кIезигах долу дакъа деллар — Шуьйта яра».

Деникински инарлаша шаьш ламанхошка бечу «кхайкхамашна тIехь» билгалдоккхура, Шерипов большевик хилар а, цо Советски Россин большевикашца зIе латтош хилар а [1].

Ламанхошна дуьхьал хиллачу деникински террорана

[1] Е. Эшба. Асланбек Шерипов. Грозный, 1927, агIу 53.

жоп луш, мостагIийн зуламийх халкъ хьалхадаккха гIерташ, Шериповс кIайгвардейцийн командованига ша бечу кхайкхамна тIехь яздора: «Аса берриге а сайн болчу гIирсашца а, кепашца а дIакхехьна Нохчийн чохь советски (халкъан) Iедалан а, оьрсийн революционни демократица нохчий цхьаьнатохаран а идей... Цундела аса дIахьедо, Нохчийн чохь Советски Iедалан политика лелорна болу лерамаш аса лууш а, доьхуш а сайна тIелоцуш хилар» [1].

Шуьйта партизански отрядийн центр яра. КIайнаш цу чу кхачалуш бацара, цундела цунах лаьцна бакъдерг а царна хоийла дацара.

1919-чу шеран мартехь а, апрелехь а чIогIа тIемаш хилира. Цкъачунна болу толам кIайчаьргахьа бара. ТIаккха Шериповс сацам бира партизански къийсаман кепаш йоло.

Массо а ярташкарчу партизански отрядашна тIехь куьйгалла дора Шериповс, хIетахь ша шен ненаца Iеш хиллачу Шуьйтара дIа. Органан боьран кIоргехь, цу гIовгIа еш догIучу Орга-хин йистехь Iуьллуш ю Шуьйта. Деникинцаша дуккха а мах биллинера Асланбекан коьртах, амма Шерипов ца кхерийра цу балхо. Шена дукхавезаш волчу орденарца — туркочуьнца Ахьмадаца цхьаьна — дийнахь сарралц ярташкахула а лелий, буьйсанашкахь Шуьйтана гондIа тийсина долчу хашкахула волалора иза. Асланбекан нана, шен кIентан дахарх кхоьруш, массо а кепара и ларвеш яра.

Шен мукъачу хенахь майданахь ша шен а, тIе хуу дии а Iамош хуьлура Асланбек. Цуьнан тIах аьлла хиларх цецбуьйлура ламанан тоьлла кIентий а.

Нохчийн контрреволюционерашний, деникинцашний дуьхьал бечу тIам тIе чугIерташ хуьлура иза. Къаьсттина бIаьрга бан ца безара Шериповна Чуликоввий, Алиевний хан хене мел ели ярташна тIехула лелачу деникински аэроплан тIера шайн кхайкхамаш чуккуьссуш хилла болу.

Цкъа Шериповс нохчийн халкъан оцу ямартхошка яздира оьгIазлонаххий, цабезамаххий дуьзна долу кегIат:

«Ямартлонций, тешначу бехкаций шайн Iаьржа гIуллакх а дой, тIаккха халкъе бечу кхайкхамашкахь Нохчийн чоь эшна кIелIисарна большевикашший, цаьрца

---

[1] Е. Эшба. Асланбек еШрипов. Грозный, 1927, агIу 55.

цхьана ойланехь болу нохчий бехкебора аша. Берриг а мохк айкхеххий, шпионеххий, питанчеххий буза а буьзна, халкъ сийсаздарца, шайн толам хиллачул тІаьхьа аша «добровольчески армина» дуьхьалберш а хьийзабора. Цунах а цаІебаш, зуламхой долчу шайна а дукха хьолехь уьш бехке бацийла хуъушехь, берриг нохчий лоьцуш, набахтешна чу бихка дуьйладелла шу. Халкъ бІаьргa дан цадезарца, амма цуьнан оьгІазлонах кхоьруш, шайн казакашца йолу зуламе зІе а, шаьш дечу гІуллакхийн некъаш бакъда а гІерташ аша шайна орцахдоккхура дин а, и санна болу динах тешаран кхайкхамаш а, хІайт аьлла волу бозбуанчалла лелориг санна цаьрца ловзарца. Кхузахь шуна гІуллакх деш хилира лучу хІуманах Іехабелла тхан шайхаш а, молланаш а, къинхьегамхойн мостагІа волчу Деникинах хьалхха дуьйна а шайн дела а, ткъа инарла Алиевх — цуьнан пайхамар а тарвелла болу. Болшевикаш «добрармис» хьовха, дино а законехь емалбина дІабаьхна, цаьрца мел воьдург массо а делан а, нехан а мостагІа ву,— бохуш. Большевикаш — массо къоьллийн а, вон мел долчун а хьоста ю, царийх ларвала веза, унах санна — ишта бехира аша а, шуна тІаьххье молланаша а халкъе. Іедалан коьрте халкъан тешамца хІиттийна боцуш, ткъа казакийн арданган ницкъо хІиттийнарш, шариІат дІакхоьхьуш йолчу Атагински Советан молланаша дІакхайкхийнарш — шу гІерга дукха хенахь дуьйна евзина йолчу кхераман, «коьман маьІан» системаца халкъаш «кІелдохка», муьтІахьда, шаьш диичу шайн махкахь, «низам» хІотто.

Оцу шайн гІертаршкахь аша дицдо бакъдолчуьнан, оьздачуьнан, тешамечуьнан хьокъехь хьовха (къера ву со, цу тайпанчу хІуманийн хьокъехь шуьга яздар бІегІийла йоцуш хиларна), ткъа ларлуш хила дезаран хьокъехь а...»

1919-чу шеран аьхка деникински инарлаш гІоьртира нохчийн халкъо еш полу дуьхьало кагъя. ТаІзарийн экспедициш яьхкира цхьанна тІаьххье важа а йогІуш. Грозненски белхалошкий, къинхьегаман казакашкий гІо дийхира Шерипове. Латто безачу къийсаман план а хІоттийна, иза кхочушъяр кечда Грозне вахара иза — дуьхьал дІа мостагІачун бага. Цунна оьшура къайлах йолчу большевистски организацица зІе тасар.

Шерипов Грознехь волчу заман чохь, цуьнан отрядо, Органан Іин чуьра ара а яьлла, ламанан коггашкахь

Іуьллу, гІалина 25 километр генахь йолу гІап Чахкара схьалецира. Оцо йиш йохийнера деникинцийн. Чахкарна тІеоьзна дара инарла Колесниковн командованина кІелдолу керла эскарш.

10-чу сентябрехь сарахь, шена и хезча, Асланбек Грознера аравала сихвелира. ХІинца, юкъарчу тІелатаран кечам банза болчу хенахь, кІайчаьрца тасадаларш дар Шериповн планашна юкъадогІуш дацара. Оцу кечаман цхьа дакъа — деникински салтий шайна хетачу тІера бухабахар дара. Грозненски большевистски комитето ша къобал а бина, оцу салташка болу кхайкхам цуьнан киснахь бара. Цу тІехь бохура:

«Накъостий салтий, ойла ейша! Деникинан, казакийн контрреволюцис цІечу нохчашций, шайн вежаршца-цІеэскархошций къийсаме дуьгу шу! Революци а, цо даьхнарш а шун цІийца дуза лаьа революцин мостагІашна. Массо а фронташкахь советски эскаро лоьхкуш бу казакаш. Англехь а, Италехь а дерригдуьненан революцин цІе кхерста, Россера а, Кавказера а английски эскарш дІадахана. XI-чу эскарх бухабиснарш юхаметта а баьхкина Оьрза-гІала йолчухьа тІелеташ бу. Грознехь а, кхин йолчу гІаланашкахь а къайлахчу организацина гІаттам болор бу. Советски Іедалан цІарах аса боху шуьга: шайн эпсаршший, казакашший еттий дІа а бахий, тхоьгахьа довла. Шуна массарна а кхерамбацар а, хІумма а цахилийтар а Іалашдо. И цадахь, цІечу нохчийн, цІечу эскархойн карах шу а хІаллакьхир ду. Варий, диц ма лолаш — тІам тІе ма гІолаш; нагахь Чахкарна тІелеташ хилахь, эпсарш еттий дІа а бахий, кІайчу байракхашца тхуна тІедуьйла. ТІаккха гечдийр ду шуна, массо а вежаршца цхьа бакъо йолуш Советски Іедалехьа къуьйсур ду аша...

Кийчча Іелаш. Кестта, кху деношкахь тхо тІелетар ду...

Нохчийн ЦІечу Эскаран командующи А. Шерипов».

Чахкарна луларчу юьртахоша говр а ялийна, цу тІехь 1919-чу шеран 11-чу сентябрехь (заманан керлачу хьесапца), Іуьйранна Асланбек хаьхкина, тІом болабеллачу вахара. «Хьевелла со» оьхура цунна дага, говрана шпораш а теІош...

Шечушна тІекхаьчча, Шериповс сихонца шена тІейцира тІамна тІехь куьйгалла дар. ТІулгийх йиччу бІевнна чохь яра отрядан штаб. Цигара хаддаза дІасауьдуш

бара Шериповн бІаьхаллин приказаш лелош болу геланчаш.

Асланбек штабехь веха Іийр воцийла хууш, сацам боллуш долчу тІелетаран мур тІе ма кхеччинехь, иза тІамна юкъахьодур вуйла хууш, доттагІаша цагойтуш говр къайлаяькхира цуьнан. Изза дора цара даима а, амма гуттар а бохург санна, оьгІаз воьдий, карзах а волий, Асланбекана схьакарайора шен говр, я тІемалойх цаІ, охьа а воссавой, тІелеташ болчарна юххехь хила а ларавора иза. Иштта хилира хІинца а. Патармийн гІопаца йихкина юкъ а йолуш, яькхина маузер а йолуш, бІовнна чуьра ара а иккхина, тІехаа говр ялае шена элира Асланбека.

Цунна тІехиъна хьан геланча вахана-кх,— жоп делира цунна.

Говр хаьхкина вогІуш нохчий а гина, Асланбек тІехьаьдира цунна, йоьддучохь говр а сацош, доцца а, оьгІазе а элира цо:

— Охьавосса!

Кхоссавелла говра а волуш, цо мохь туьйхира:

— Суна тІаьххьий!

Масех иттаннаш адамаш цунна тІаьххьий тІом уггар букъбеллачу хаккаделира.

Казакийн могІаршка кхерадалар деара. Казакаш, меллаша бухабовла буьйлабелира, хьаьжкІашна юккъе дІа а лечкъаш. Хазчу, баьццарчу, карзахечу аренна тІехула юьйлучу тоьпийн кІарраш дуьйлура.

Говр маса а йохуш, Асланбек хьалхаиккхина воьдура. Цуьнан моггІара богІуш берш говрашкара оьгура, ткъа хІара-м, вуха а ца хьожуш, воьддучохь етташ маузер а йолуш, кІайчийн кІаррин асанна, мох санна маса, тІекхочуш лаьттара. Накъостех цаІІа а, бохург санна, ца висинера цуьнца. Мох санна маса, казакаша кІело йинчу, хьаьжкІийн аренна хьалхарчу борза тІе а ваьлла луьйтанашна чохь ира а хІоьттина, цо, чІогІа мохь туьйхира:

— Карадуьйла, дуьхьало ярх гІуллакх хир дац! Оцу хенахь аьрру агІурхьара тоьпаш евлира. Асланбек кхин а цаІІа-м ала воллура, амма лестана вега а велла, нуьйран хІоъ схьа а лаьцна, пха санна, цунах тасавелира иза. Маузер карара охьаюьйжира. Говр дІаиккхира, амма Асланбек кхин цаІавелира говрахь.

Динахь бере ца гича тІемалой кхийтира хиллачух.

— Асланбек вийна, — даьржира могІаршкахула.

Оцу дешнаша адамаш гIовттийра. Уьш мостагIчунна чухьаьлхира иттазза алсамбаьллачу ницкъаца. ЦIечийн могIарш гIевттира, чIогIа тоьхна цара кIайказакаш хьаьжкIийн арара лаьхкира. БIе сов тIемалой а, дуккха а эпсарш а йийсар дина карабалийра.

Чов хилла Асланбек тIехь Iуьллучу борзана гобира тIемалоша. Царийх цаI тIевахара цунна.

— Асланбек, шек дIа ма ваьллахь, туолур ву хьуна хьо, — аьлла, тIехьавирзира иза.

ДоттагIаша Шерипов схьа а иэцна, тачанкийна тIевиллира.

— Со а витий, уьш лелхабе... — Хи лойша, — аьлла гIийла бIаьргаш а хьабдеш, дIатийра иза.

Органан аьтту агIурхула боьдучу новкъа меллаша хьалабоьлхура дакъа иэцна боьлхурш. Лахахь тIулгех детталора чехка хи, адамийн дерзанчу кортошна тIехула меллаша бIаьллангийн генаш дегадора, даръеллачу буьрсачу яххьаш тIехь бIаьрхиш къиэгара.

Нохчийн гIиллакхехь ма хиллара вертанна кIел Iуьллучу Асланбекан докъана улловаьлла командиран дин балош вогIура безамехь воккха стаг.

Асланбекан дай, наний дехачу Шуьйта говрахь стаг вахийтинера, церан кIантана чIогIа чов хиллийла хаийта. Да дуьхьалвеара. Готтачу новкъа Асланбек вохьуш богIучу нехан бехха могIа шена гича, иза говрара охьа а воьссина, тачанкина тIеволавелира. КIантана тIетесна Iаьржа верта дайча цунна хиира... ТIаккха дегI нисдеш вула а велла, вуха а вирзина, шен говрана тIеволавелира иза. Иштта хьалха вахара иза Шуьйта дIакхаччалц, шен кIанте ца хьожуш, бIаьргех хи далийтина шен тайпанан сий дайа ца лууш.

Ма деллалу дIадиллинчу кех хьалха чу велира да. Иза говрара охьа а воьссина хIоьттина лаьттара тачанка а, адамаш а кех чоьхьадевлла довллалц. ТIеман низамца, цIечу байракхца баьккина грозненски белхалой а кхечира. Масех де хьалха деникинцийн карара а бевлла, Асланбека шен отряде тIеэцнарш бара уьш.

Нохчийн чоьнан исторехь дуьххьара дехьира оьрсаша, грозненски белхалоша бусалбанан, революцин сийлахьчу мурдан Асланбек Шерипови дакъа. Цхьаммо-м Iоттар а йира цу тIехь Асланбекан дена, тIаккха цо саца а сецна, юххебевлла богIучу белхалошна тIе пIелг а хьажош, меллаша, амма массарна а хозуьйтуш элира:

— Вайнчул дукха церан ву Асланбек, цундела церан бакъо ю иза вохьуш бахка.

Шуьйта уллорчу Гlатти-Кхаьллахь тlехь хьун йолчу ломан басахь кешнаш ду. Боьрара дуьйна а хьалхахlутту лекхачу ламанан хаза сурт. Беран хенахь Асланбекан чlогlа сакъералора цигахь. Хlинца цунна цигахь каш даьккхинера.

Шерипови хlаллакьхилар даггара чlогlа халахетарца тlеийцира къинхьегаман ламанхоша. «Парглат ламанхо» цlе йолчу буржуазно-националистически газето и дагалоцучу статья тlехь яздора, нагахь карарчу муьро иза лоьхуш хилча, критикан герз герзаца йолчу критикаца а, парламентарин машаран гlирсаш тоьпаца а, шаьлтанца а атта а, парггlат а хийцалуш волу тlемало иза хилар.

Асланбек Шерипов хlаллакьхилира. Цо гlовттийначу, бlаьхаллийн отрядашка берзийнчу эзарнаша нохчаша кхочушдира цуьнан гlуллакх. 1920-чу шеран 17-чу мартехь нохчийн Цlечу Эскаран бlаьхаллийн отрядаша грозненски белхалошший, С. М. Кировски, Г. К. Орджоникидзески Кавказе далийначу XI-чу эскаран регулярни дакъошший цхьаьна, Грознера деникинцаш лаьххира. Цу дийнахь дуьйна схьа нохчийн халкъ парглатдаьлла.

Нохчийн халкъана цкъа а виц а лур вац, цуьнан даг тlера дlа а вер вац большевистски партин тоьлушха болчу кlентийх цаl, кегийрхойн дог-ойла гlаттош вовшахтоха хьуьнаре хилла, нохчийн къехойн кlад ца луш хилла куьйгалхо, шен бовхачу кхайкхамашкахь а, къонахчун къамелашкахь а дерриг нохчийн халкъана дагахь дерггий, цо сатуьйсурггий гайта хууш хилла волу Асланбек Шерипов.

Мельчин Анатолий Иванович.
АСЛАНБЕК ШЕРИПОВ.

Редактор *Муталибов З. А.*
Перевод *Мачигова М. Ю.*
Худ. редактор *Евменов А. И.*
Техн. редактор *Петрович Н. И.*
Корректор *Толгаев Я. М.*

Сдано в набор 8.VIII 1958 г. Подписано к печати 29.XI 1958 г.
Формат 84x108¹/₃₂ Объем 1,25 (205) п. л. Уч. изд. л. 1,75.
Тираж 4000.

Чечено-Ингушское книжное издательство,
Грозный, 21, ул. Ленина, 14.

Заказ № 5716

Типография им. 11 августа 1918 года,
Грозный, проспект Революции, 39|3.
Цена 30 к.